



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo nominasyon nan administrasyon an.

"Pandan n ap travay pou rann New York vin pi abòdab, pi fasil pou viv ak pi an sekirite, li enpòtan pou gen yon ekip fonsyonè piblik ki ka bay rezilta", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moun ki kalifye, ki gen talan sa yo pral ede nou kontinye batay pou lavni New York, epi yo pral yon pati enpòtan nan efò nou pou rive jwenn kominote nan chak kwen Empire State la."

Ivan Acosta te nonmen kòm **Chèf Pèsonèl Adjwen.** Dènyèman, Ivan te travay nan Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra Vil New York la kòm Direktè Asosye pou sis dènye ane yo. Anvan wòl sa a, li te okipe pozisyon kle nan travay ak bidjè a, lejislasyon ak sèvis konstitiyan nan Biwo Majistra Vil New York la, Konsèy Vil New York la, ak nan Lejislati Eta New York la. Li gradye nan John Jay College CUNY an.

Yo te nonmen **Robert Calarco** kòm **Sekretè Asistan pou Afè Entègouvènmantal Long Island.** Dènyèman, Robert te Asistan Direktè Rejyonal pou Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, Rejyon 1. Anvan wòl sa a, li te sèvi senk manda kòm yon Lejislatè Konte Suffolk, kote li te Prezidan nan dènye manda li a. Robert te fè yon metriz nan politik piblik nan Stony Brook University ak yon diplòm bakaloreya nan Dowling College.

Shanna Cassidy te nonmen kòm **Asistan Sekretè pou Gouvènè a.** Shanna dènyèman te sèvi kòm Direktè Lejislatif pou Senatè Joseph Addabbo ak Direktè Komite a pou Komite Jwèt Aza ak Pari nan Sena a. Anvan sa, li te travay nan estaf Komite sou moun Aje Sena a. Shanna gen plis pase yon deseni nan sèvis nan Lejislati ak Branch Egzekitif Eta a.

Colleen Deacon te nonmen kòm **Sekretè Adjwen pou Afè Entègouvènmantal Nò Eta a.** Dènyèman, Colleen te sèvi kòm Direktè Prensipal nan Afè Entègouvènmantal Nò Eta a nan Chanm Egzekitif la, kote li te travay depi 2017. Anvan wòl sa a, li te travay kòm Direktè Rejyonal pou Senatè Etazini Kirsten Gillibrand epi kòm Sekretè Laprès pou Majistra Vil Syracuse Matthew Driscoll. Colleen te gen yon diplòm nan etid anglè ak tèks nan Syracuse University.

Daniel Dornbaum te nonmen kòm **Asistan Sekretè pou Gouvènè a**. Dènyèman, Daniel te Direktè Operasyon pou Komite Demokratik Eta New York la. Anvan wòl sa a, li te sèvi nan Chanm Egzekitif la kòm Reprezantan Rejyonal Manhattan. Daniel te gen bakaloreya li nan zafè piblik nan Baruch College.

Stevens Martinez te nonmen kòm **Direktè Adjwen pou Afè Entègouvènmantal Long Island**. Stevens dènyèman te sèvi kòm Reprezantan Rejyonal Konte Nassau nan Chanm Egzekitif la. Anvan wòl sa a, li te travay nan Afè Gouvènmantal nan NBCUniversal ak nan Afè Ekstèn pou Kontwolè Konte Nassau a. Stevens te gen bakaloreya li nan politik piblik ak sèvis piblik nan Inivèsite Hofstra.

Jacqueline Paredes te nonmen kòm **Asistan Sekretè pou Afè Lejislatif**. Dènyèman, Jacqueline te sèvi kòm yon ansyen reprezantan lejislatif pou Pwofesè lini nan Eta New York (New York State United Teachers, NYSUT), kote li te travay pandan plis pase 16 ane. Anvan wòl sa a, li te travay nan Komite Demokratik Eta New York la epi li te yon konsiltan politik. Jackie te gen yon diplòm lisans nan SUNY nan Albany.

Shirley Paul te nonmen kòm **Konsejè Adjwen pou Pouvwa Jidisyè a**. Dènyèman, Shirley te sèvi nan Chanm Egzekitif la kòm Konseyè Prensipal ak Direktris Zafè Sikonskripsyon. Anvan wòl sa a, Shirley te travay kòm yon konseyè ki okipe zafè sivil ak kriminèl, yon grefye legal ak kòm Konseyè Kòporasyon Asistan pou Depatman Lwa Vil New York la. Shirley se yon diplome nan Delaware State University kote li te resevwa premye gou li nan politik nan travay pou Senatè Joseph R. Biden nan epòk la, li te resevwa yon diplòm metriz nan Brooklyn College ak yon J.D. nan New York Law School.

Edgar Santana te nonmen kòm **Sekretè Adjwen Egzekitif Gouvènè a**. Dènyèman, Edgar te sèvi kòm Sekretè Adjwen Gouvènè a, epi tou li te sèvi Chanm Egzekitif la kòm Direktè Zafè Rejyonal Sid Eta a. Anvan li te antre nan pozisyon sa a, li te sèvi kòm Direktè Afè Politik ak Gouvènmantal pou Fon Rekritman Travayè nan Rejyon Lès la (Laborers Eastern Region Organizing Fund). Pi bonè nan karyè li, Edgar te Direktè Egzekitif Adjwen Komite Demokratik Eta New York la (New York State Democratic Committee) ak Direktè Politik Nòdès Hillary Clinton pou Prezidan (Hillary Clinton for President) an 2008. Edgar te resevwa yon diplòm nan administrasyon biznis ak yon M.B.A. nan Fordham University. Li te resevwa tou yon Metriz nan Syans nan Jesyon Administrasyon Piblik nan Wilmington University, Wilson Graduate Center. Edgar kounye fè pati Pwomosyon 2024 Bousye nan Lidèchip Prezidansyèl yo.

Jessica Scaperotti te nonmen kòm **Asistan Sekretè pou Zafè Kabinè a**. Dènyèman, Jessica te travay nan devlopman byen imobilye kote li te ede dirije efò kominikasyon ak maketing pou Fairstead, Jamestown, Brown Harris Stevens, ak Related Companies. Anvan li te travay nan sektè prive a, Jessica te pase plis pase yon deseni nan fonksyon piblik la, li te jere biwo laprès pou depatman sante ak edikasyon Vil New York, ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la. Li te gen yon Diplòm nan Syans nan Northeastern University.

Angel Vasquez te nonmen kòm **Sekretè Adjwen pou Zafè Entègouvènmantal nan Sid Eta a**. Dènyèman Angel te sèvi kòm Asistan Sekretè pou Zafè Entègouvènmantal nan Chanm Egzekitif la. Anvan pozisyon sa a, Angel te Adjwen Direktè Politik ak Konseye Politik Prensipal nan United Federation of Teachers. Li te sèvi kòm Chèf Kabinè pou Senatè Eta New York Marisol Alcantara, epi kòm yon Analis Politik pou Konferans Majorite Sena Eta New York la. Angel gen yon lisans nan Relasyon Endistriyèl ak Travay nan Cornell University ak yon Metriz nan Administrasyon Piblik nan Lekòl Afè Entènasyonal ak Piblik nan Columbia University.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)